

ABSTRAK BASA SUNDA

Yulia Nurhida. (2022). *"Analisis Kamampuan Literasi Matematis sareng Disposisi Matematis Murid Sakola Menengah Ngagunakeun Modél Diajar Problem Based Learning (PBL)"*.

Penelitian ieu disebabkeun ku rendahna kamampuan literasi matematis murid, salajengna salah sahiji aspek afektif anu penting nyaeta disposisi matematis anu dipercanten bisa nyukseskeun proses diajar matematika. Salah sahiji model anu bisa ngembangkeun kamampuan literasi matematis sareng disposisi matematis murid teh nyaeta model pangajaran Problem Based Learning (PBL). Tujuan ti ieu penelitian teh guna: 1) ngadeskripsikeun kamampuan literasi matematis murid sakola menengah ngalangkungan model pangajaran Problem Based Learning (PBL); 2) ngadeskripsikeun disposisi matematis murid sakola menengah ngalangkungan model pangajaran Problem Based Learning (PBL); sareng 3) ngadeskripsikeun korelasi kamampuan literasi matematis jeung disposisi matematis murid sakola menengah ditingali dina rupa-rupa model pangajaran. Penelitian ieu ngagunakeun pendekatan kualitatif. Jenis penelitian anu digunakeun nyaeta studi kepustakaan, jeung metodena dokumentasi. Data dikempelkeun ku cara ngahimpun artikel anu aya kaitanna jeung variabel penelitian terus dipilih jeung dianalisis. Hasil tina analisis data nyaeta: 1) Kamampuan literasi matematis murid sakola menengah anu pangajaran na ngagunakeun model pangajaran Problem Based Learning (PBL) ngalaman paningkatan sareng ngahontal anu sae; 2) Disposisi matematis murid sakola menengah nu pangajaran na ngalangkungan model pangajaran Problem Based Learning (PBL) meunangkeun prestasi jeung leuwih sae; 3) Aya korelasi atawa hubungan anu positip antawis disposisi matematis kaparigelan kamampuan literasi matematis murid sakola menengah ditingali dina rupa-rupa model pangajaran.

Kecap Konci : *Kamampuan Literasi Matematis, Disposisi Matematis, Modél Diajar Problem Based Learning (PBL)*